ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

АДЫГЭ ХАБЗЭ

№155 (21.063) ● 2007 гъэм шыщхьэпэм (августым) и 10, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къанокъуэ Арсен Махуэ Билал прегъэблагъ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Президентым и гулъытэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэблагъэт Урысей Федерацэм бэнэкIэ хунтымкIэ и чемпионатым текIуэныгъэ дахэ кьыщызыхьа. етIанэгъэ Пекин щекIуэкIыну Олимпиадэм хэтыныхэм яжьхуну дызыщыгуфIын дилъахэмэ Махуэ Билал, абы и тренер Гаджимагомедов Ханкаларэ бэнэкIэ хунтымкIэ Урысейм и щIалэгъуалэ командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тембот Анзорр.

- ЗЫЩIигЪАСЭР Дагьыстанрауэ, медалхэр кьызыхунхьыр зэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр армырауэ щытми, ар ди лъахэгъущ, дыдейщи, дрогушхэу. Псоми фIыуэ яльагъу Олимп чемпион Кьардэн Мурати хуэдэу, Билал щапхъэ яхуэхъун хуейщ ди щIалэгъуалэм, - жиIащ Президентым икIи Махуэм и тренерым фIыщIэ хуищIащ. - Дагъыстаным, апхуэдэуи Осетием бэнэкIэ спорт IуэужьыгъуэкIмкIэ я шк олхэр лъэрызехьэщ. Дэри абыхэм дазэрыльэщIыхьэным дыхущIэкъун хуейщ. БэнэкIэ хунтым сэри сыдихьжьыу щыгащ шк олым сыщыщIэса зэманым икIи а спорт лIужьыкьыуэм республикэм зыщиужьымэ, щIалэгъуалэр дихьхэмэ, утыкуушхуэзм я зэфIэкIэхэр щагъэлъагъуэмэ си гуапэщ. Абы щхьэкIэ тхузэфэкI псори дгъэжьынущ. Пэжщ, зэкIэ футболым зегъэЗэтыныгрщ нэхьыбэу зи ужь дитар. Ауэ, кьыззэрыхъэзэщащи, бэнэкIэ зэмыльэужьыгуэхэм дяпэкIи гулъытэ хуэтщIыну. Кьуажэ кьэс щыдгъуэнущ метр зэбгъуэзнатIэ 300 - 400-м нэс зыубыд зыщагъасэ спорт пэшхэр. Ныбжьыщ Iэ хэр спортым дегъэшэхауэ эрамым кьыдэшыным, Iэжу мыщхьэпэхэм пэIэщIэ щIыным мыхьэнэшхэ иIэщ, - кьыхигъэщащ республикэм и Унафэщым.

Апхуэдэуи кьитIатIэгъащ спорт зэхьэзэхуэхэм ирагъэблагъэмэ, и гуапэу зэрызригъэхьэлэнэр икIи хуэфIэкIымкIэ зэрызащIигъэкъуэнур. БэнэкIэмкIэ федерацэм мазэ кьэс хухахыныщ мыбюджет ахъшэу сом 1 мелуан. Зэрагъэпэщыжь спорт уардэунэм сом мелуани 100 хухахащ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и мыпкъым кьыхэкIыу Махуэ Билал, езыр зэрыхуейуэ кьигъэсэбэныну, сом мелуан иритащ.

Ди лъахэгъум и тренерым зэрыжиIамкIэ, спортсменым иджыпсту нэхъыщхьэу кьыпэщIылъыр етIанэгъэ Пекин щекIуэкIыну Олимпиадэм и путевкэр зыIэригъэ хьэнырщ. «Iпэ зидгъэщу зыри дубзыухькьым, Iуэхур зэ хэкIыным кьэнэжар мазэщи, нэхъыфIым дыпэплъэнщ, ди къару псори етхьэлIэнщ», - жиIащ Гаджимагомедовым.

«Си гуапэщ, нобэ утыку кьихьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щIалээщ, щыжаIэкIэ. Дэнэ ущыIэми, сыт хуэдэ екъуIэнныгъэ зыIэрымыгъэхьэми, ущалъхуа лъахэм, уи лъэпкым кьэбгъэзэжьынущ, си дежкIи абы нэхъ лъапIэ щыIэкъым. Иджыпсту Iуэхур зытещIыхьар зызужьын, си мурадхэр зэзгъэжьуIэн папщIэ зыщызгъэсэфыну щIыпIэм сыщыIэнырщ», - жиIащ Махуэ Билал икIи Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуищIащ и гулъытэм папщIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

(Сурэтхэр 3,4-нэ нап. тетщ).

Хабзэ дахэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ щIыхум зыхилъхьа нэхъ хабзэфI дыдэхэм ящыщщ зыр зым зэрыуэIэпыкъур. Хэбгъэзыхьмэ, щIыхур дунейм тет адрей псэущхьэхэм нэхъыщхьэу кьыщхъэщыгъэкIхэм ящыщ зыщ ар. Дэтхэнэри абы хуауший пасэ дыдэу. Ауэ, си жагъуэ з эрыхьунщи, гуГъуехь хэхуам зыщIэгъэкъуэн зэрыхуейр щытщыгъупщи щыIэщ. Абы щыгъуэми апхуэдэм ди Iуэхр хуэтщIын папщIэ зы бзылъхь, дмылей гуэр длэжьын хуейкьым: тлъэкIыр хуэтщIэн кьудейуэ араш.

А ПСОМИ дрегъэгупсыс щыщкьэIуи и 11-м екIуэкIыну зэхьыьэщхуэм - республикэпсо щIыхьэхум.

Гъэ кьэси хуэдэ лэ жьыгъэшхуэ екIуэкIынум и жэрдэмщIакIуэу увар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэрщ, гуп щхьэхуэхэрщ. Абыхэм



«РЕСПУБЛИКЭПСО щэбэт щIыхьэхум дыз эрыхэтынум сыткIи дыхуэхьэзырщ. Мы Iуэху щхьэпэр кьыддаIыгъ предприятэхэми, мэкъумэщ кооперативэхми, фермер хозяйствэхэми, гуащIэрыпсэухэми», - кьыпэлъэгъуащ куейм и штабым и унафэщI Урыс Аслъэн.

Iмкъуэн щIыхьэхум

Iижь-ижьыж лъандэрэ щIыхум зыхилъхьа нэхъ хабзэфI дыдэхэм ящыщщ зыр зым зэрыуэIэпыкъур. Хэбгъэзыхьмэ, щIыхур дунейм тет адрей псэущхьэхэм нэхъыщхьэу кьыщхъэщыгъэкIхэм ящыщ зыщ ар. Дэтхэнэри абы хуауший пасэ дыдэу. Ауэ, си жагъуэ з эрыхьунщи, гуГъуехь хэхуам зыщIэгъэкъуэн зэрыхуейр щытщыгъупщи щыIэщ. Абы щыгъуэми апхуэдэм ди Iуэхр хуэтщIын папщIэ зы бзылъхь, дмылей гуэр длэжьын хуейкьым: тлъэкIыр хуэтщIэн кьудейуэ араш.

А ПСОМИ дрегъэгупсыс щыщкьэIуи и 11-м екIуэкIыну зэхьыьэщхуэм - республикэпсо щIыхьэхум.

Гъэ кьэси хуэдэ лэ жьыгъэшхуэ екIуэкIынум и жэрдэмщIакIуэу увар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэрщ, гуп щхьэхуэхэрщ. Абыхэм

● Щэбэт щIыхьэху

Хамэ сабий щIэжькым: нэхъ хуэмыщIа дыдэхэм ящыщхэри дыдейщ.

Ешанэрауэ, лъэ быдзкIэ кьэуевыжу щIэзыдза кьэралым ахэр зэкIэ зыхуей хуигъэззэфынукъым.

Араши, диIэ Iэмалхэр кьэдгъэсэбэну, дэри защIэдгъэкъуэн хуейщ. Мыпхуэдэхэм деж дигу кьыдогъэкIыж щIыхьэхур адыгэм и гъащIэм кьыгуэхьпIэ имыIэу щIыщ Iыхьэу зэрыщытар. Къару зэхэдзэкIэ лъэныкъуэкI гуГъуехьхэр. Абы псом хуэмыдэу зиужьауэ щытащ 1917 гъэм екIуэкIа революцIэм и ужькIэ. Хэку зауэшхуэм и пэкIи иужькIи кьекIуэкIащ Ленин Владимир и жэрдэмкIэ ильэс кьэс зэхуаблэу щыта щэбэт щIыхьэхуэхэр. Иджы Лениным и цIэми щIыхьэхур иращхьыкIрскым, ар икIи «коммунистическэуи» щытыжкъым, ауэ езыр кьэнащ фIы длэжьыну Iэмал кьыдэзыт Iуэху гъуэгуэдж э. Нэхьыщхьэри араш.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Президентым и гулъытэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэблагъэт Урысей Федерацэм бэнэкIэ хунтымкIэ и чемпионатым текIуэныгъэ дахэ кьыщызыхьа. етIанэгъэ Пекин щекIуэкIыну Олимпиадэм хэтыныхэм яжьхуну дызыщыгуфIын дилъахэмэ Махуэ Билал, абы и тренер Гаджимагомедов Ханкаларэ бэнэкIэ хунтымкIэ Урысейм и щIалэгъуалэ командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тембот Анзорр.

- ЗЫЩIигЪАСЭР Дагьыстанрауэ, медалхэр кьызыхунхьыр зэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр армырауэ щытми, ар ди лъахэгъущ, дыдейщи, дрогушхэу. Псоми фIыуэ яльагъу Олимп чемпион Кьардэн Мурати хуэдэу, Билал щапхъэ яхуэхъун хуейщ ди щIалэгъуалэм, - жиIащ Президентым икIи Махуэм и тренерым фIыщIэ хуищIащ. - Дагъыстаным, апхуэдэуи Осетием бэнэкIэ спорт IуэужьыгъуэкIмкIэ я шк олхэр лъэрызехьэщ. Дэри абыхэм дазэрыльэщIыхьэным дыхущIэкъун хуейщ. БэнэкIэ хунтым сэри сыдихьжьыу щыгащ шк олым сыщыщIэса зэманым икIи а спорт лIужьыкьыуэм республикэм зыщиужьымэ, щIалэгъуалэр дихьхэмэ, утыкуушхуэзм я зэфIэкIэхэр щагъэлъагъуэмэ си гуапэщ. Абы щхьэкIэ тхузэфэкI псори дгъэжьынущ. Пэжщ, зэкIэ футболым зегъэЗэтыныгрщ нэхьыбэу зи ужь

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къанокъуэ Арсен Махуэ Билал прегъэблагъэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сабийхэр дыдоIыгъ

Хабзэ зэрыхъуауэ, гъэ адыгэуэщIым и пэ кьыхуэу унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм щыщ сабийхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ 2007 гъэм щыщхьэпэм и 11-м республикэпсо щэбэт щIыхьэху иратъэкIуэкIынущ.

АБЫ ТЕУХУАУЭ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм кьыхихьа жэрдэмыр диIыгъри, республикэм и Правительствэм муниципальнэ районхэмэ кьалэ округхэмрэ я администрацIахэм щэбэт щIыхьэхур егъэкIуэкIынымкIэ езыхэм я штабхэр, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм республикэпсо штаб кьыззэрагъэпэщыну, щэбэт щIыхьэхум кьыщалэжьа ахъшэр зэхуахьэсыну, ятекIэ ягъэхьэзыра спискэхэм тету а ахъшэр сабий кьэс сом мин хуэзэу трагуэшэну чэнджэщ яритащ.

Щэбэт щIыхьэхур егъэкIуэкIынымкIэ кьыззэпэщакIуэ комитетым министерствэхэм, ведомствэхэм, кьэралI, уней организацIэхэмрэ Iуэхущапсэхэмрэ, щыху щхьэхуэхэм, спонсорхэм захуегъаза гъэ адрэзэгъуэщIэм зыхуэгъэхьэзырыным и лъэныкъуэкIэ унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм щыщ сабийхэм ядэIэпыкъуну кьыхуриджэну.

Оргкомитет.

● Щэбэт щIыхьэху

Хамэ сабий щIэжькым: нэхъ хуэмыщIа дыдэхэм ящыщхэри дыдейщ.

Ешанэрауэ, лъэ быдзкIэ кьэуевыжу щIэзыдза кьэралым ахэр зэкIэ зыхуей хуигъэззэфынукъым.

Араши, диIэ Iэмалхэр кьэдгъэсэбэну, дэри защIэдгъэкъуэн хуейщ. Мыпхуэдэхэм деж дигу кьыдогъэкIыж щIыхьэхур адыгэм и гъащIэм кьыгуэхьпIэ имыIэу щIыщ Iыхьэу зэрыщытар. Къару зэхэдзэкIэ лъэныкъуэкI гуГъуехьхэр. Абы псом хуэмыдэу зиужьауэ щытащ 1917 гъэм екIуэкIа революцIэм и ужькIэ. Хэку зауэшхуэм и пэкIи иужькIи кьекIуэкIащ Ленин Владимир и жэрдэмкIэ ильэс кьэс зэхуаблэу щыта щэбэт щIыхьэхуэхэр. Иджы Лениным и цIэми щIыхьэхур ирапхыкIрскым, ар икIи «коммунистическэуи» щытыжкъым, ауэ езыр кьэнащ фIы длэжьыну Iэмал кьыдэзыт Iуэху гъуэгуэдж э. Нэхьыщхьэри араш.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Шэдыкэм куей

Абы зэрыжиIамкIэ, щхьэж и кьалэнхэм щыгъуэзэу я Iэнатlэм пэрыхьнущ щIыху мини 6-м ирилъагъэ. Дэтхэнэми махуэ уащхъэр фонд щIыхьэхум иритынущ. Бынунагъэшхуэхэм я сабий 300-м папщIэ сом мин 300 зэхуахьэсыну я мурадщ.

Кьуажэхэми лэжьыгъэшхуэ щIэсфIагъэкIынущ. КьащIэмэ, абыхэм кьегъэбыдыдIа щIыпIэхэр ягъэкIыжьынущ, зэIуэпэщ ящIынущ.

ДЖЭХУ Хьиэ.

Бахъсэн куей

КУЕйМ и щIыхэмэ гуапэу даIыгъ унагъуэ хуэмыщIахэм, бын куэд зыпIхэм гъэ адэжгъэущIэм и пэ кьыхуэу ядэIэпыкъуным теухуауэ кьыхалъхьа Iуэху щхьэпэр.

Пщэдей районым и предприятэ 85-р зэуIуэ лэжьынущ. Адрей гъэхэми хуэдэу, пщIантIэхэмрэ уэрамхэмрэ ягъэкъэбзэнущ, удзыжьхэр ягъэкIуэдынущ.

Куей администрацIм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ, щыхьэхур егъэкIуэкIынымкIэ щтабым и унафэщI Ахьмэт Заретэ зэрыжиIамкIэ, фокIадэм и I-м щIыхьэхур зэкIуэлIжьыну школхэр зэрыхьэзырым иджыри зэ кIэлъыплъынущ, зыкIэлыIэбэну кьэна щыIэмэ, зэрагъэзэхуэжынущ. Сабий хуэмыщIахэм папщIэ республикэпсо щIыхьэхум кьыщалэжьынущ сом мин 350-р. Аэр псори зытрауухуа мурадым трагъэкIуэдэнущ.

ЩЭРДАН Кушыку.

Дзэныкъуэ куей

щэ 16-м я лэжьакIуэу 620-м ирилъагъэ. Куейм щыпсэу унагъуэ хуэмыщIахэу, бынунагъэшхуэхэу 200-м я сабийхэм гъэдэжьагъэщIэм ирихьэлIэу ядэIэпыкъуну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Диэ.

Прохладнэ куей

Я ГУМ фIэфIу хуэзщIэтэджэнущ куейм щыпсэухэр щэбэт щIыхьэхум.

ЩIыхьэхуэр егъэкIуэкIынымкIэ район штабым и унафэщI Абазэхэ МэчрэIил зэрыжиIамкIэ, а махуэм предприятэрэ IуэхущIапIэу 120-м щыху 6370-м щIигъу щыщIыхьэнущ. Зэрабзыхуам тету, жылагъуэхэм я псыхьуэхэр ягъэхьэзырщ ягъэдэхэнущ, пхъонкIий идзыпIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ.

Республикэ щIыхьэхум кьыщалэжьыну я мурадщ сом мин 350-р. Ар зыщыпту нэхъ хуэмыщIауэ куейм щатха сабий 450-м трагъэкIуэдэнущ.

АРУАН Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгуэхьныгъэм «стIол хъурей» щапхъэм ит псалъэмакъ иригъэкIуэкIащ.

АБЫ ХЭТАЩТхакIуэхэм я союзым и жьауэм щIэту илъэс 20 лъандэрэ лажьэ, «Щыхъпьагъуэ» литературнэ къудамэм кьекIуалIэ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр, Щоджэнщыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым и художественнэ унафэщI Щыбзыкъуэ Бахсэр, театрым литературэмкIэ и къудамэм и пашэ Батий Мухьэмэд, ди республикэм и «Кабардинка» академическэ я къафакIуэ гулым и художественнэ унафэщI щхьэ зыбжьанэкIэ лэжьа Думэныщ Iэуэлдин, «Щыхъпьагъуэ» къудамэм и къызэрыпэщакIуэ икIи унафэщI Хьах Сэфарбий сымэ. ЗэлуцIэр къыщIызэрагъэпэщам щхьэусысыгуэ хуэхъуащ иужьрей зэманым театрым хуэтхэ щыхухэр егъэлеяуэ зэрымащIэр, драматургие нэс дыззримыIэжыр. «Театрым кьызщыгъуэбыдэ поэзиери, прозэри, макъамэри, хореографиери. Уи жагъуэ мыхъункIэ Iэмал иIэкъым ди зэманым тетхыжьхын дызэримыIэр», - кьыхагъэщащ зэIуIэм кьыщыпсэпъэлъэхэм. «Стол хъурейм» апхуэдэу щытепсэпъэлъэхэщ драматургием дихьэх ныбжьыщIэхэм ящIэн зэчий зыбгъэдэлъу кьалъытэ тхакIуэхэм я IадакъэщIэкIхэм хэплъэну, уеблэмэ абыхэм «унэ лэжьыгъэ» иратащ.

ЛЪОСТЭН Муз.

● Гъуаздж э

'Щыхъпьагъуэм' щIигъ

мал иIэкъым ди зэманым тетхыжьхын дызэримыIэр», - кьыхагъэщащ зэIуIэм кьыщыпсэпъэлъэхэм. «Стол хъурейм» апхуэдэу щытепсэпъэлъэхэщ драматургием дихьэх ныбжьыщIэхэм ящIэн зэчий зыбгъэдэлъу кьалъытэ тхакIуэхэм я IадакъэщIэкIхэм хэплъэну, уеблэмэ абыхэм «унэ лэжьыгъэ» иратащ.

ХЬэщIыкъуей Олег.

Музейм зыщапIъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухэрэр илъэс 450-рэ зэрырикъум зыхуагъэхьэзыр республикэм и кьалэ, куей музейхэм.

IУащхьэМАХУЭ куейм и музейр ди республикэм щыпэхь кьулейкъэм ящыщщ. Мыбы кьыззыщIеубыдэ унэтIыныгъэ куэд икIи я зы дэтхэнэми Iупщу кьыхоуц адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм кьадгъэуэгурыкIуа тхыдэр, щэнхабзэр. Апхуэдэу лъэпкъитIми я гъащIэм екъэлIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд яхьумэ.

Районым щыпсэухэр сыт щыгъуи зэрыгушхуэу щыта щIыху Iэпщщэльапщэхэм, лэжьыгъэфI кьеэзыхьэлIахэм, адыгэжэмрэ балькьэрхэмрэ зэрыгушхуэхэм, ижь зэман лъандэрэ зи цIэ жаIэу кьекIуэкIа лъэпкъыжьхьэм ятеухуа тхыгъэ гъэщIэгъэнхэр щIэльэ щу зейм. КьызэгъэпэщакIуэхэм гулыитэшхуэ хуащI лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм теухуа тхыгъэхэр, журналхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэщхуэм ирихьэлIэу музейм игъэлъагъуэхэм щIэ кьыхэхьуащ. Ар теухуащ ди республикэм иригъэкIуэкI мамырыгъэ политикэм, щIыхуб, щэнхабзэ гъащIэм. КъБР-м и махуэр ягъэлъэпIэным куэд кьэнэжакьым, ауэ иджыпсту щыщIэдзауэ зы махуэ зэпыурыкым мыбы кьекIуалIэхэр. Музейм зыщапIъыхь Iуащхьэмахуэ льапIэ зыщыщзыгъэпсэхуэхэми. Мы район музейм зыхуеплъэхьэзыр Кулиев Кьайсын кьызэралъхуэр илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ игъэлъэгъуэнухэм.

ЖАНХЪУЭТЭуз.

Къаугъэхэр пылъами

США-м и Канаверал щыпIэм щаутIыпщащ Дунейпсо хъэрри станцым хуэкIуэ «Индевер» щатIлыр.

ЩаутIыпщын хуей пIалъэр зы жэщ-махуэкIэ ягъэгуваии, ар екъуIэныгъэшхуэщ США-м Хьэршыр къэгъэщIэнымкIэ и агентствэм (НАСА) и дежкIэ. Иужь илъэхэм ар кьаугъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуащ: ягъэлъэта щатIлыр дакьикъ бжьыгъ дэмыкIыу кьызэрыуам, и суд щащIэнум пэплъэу лъэхъэщым ис астронавт Новак Лизэ (и гъуса астронавтым и щхьэгъусэр зэрыдигъуамкIэ ягъэкъуанщэ) илъжьа щIэпхъащагъэм, астронавтхэр чэфу зэрыльатэм, нэгъэщI Iуэху мыщхьэпэхэм яныщIауэ.

Ауэ иджы НАСА-м я гугъуехьхэр кьызэринэкI хуэдэщ: абы зэуэ хьэрщым игъакIуэ астронавтиблым станцым яшэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэмэпсымэхэр.

Зэман яIэкъым

Сахалин областым и губернатору дыгъасэ ыгIыгуэм и Къэрал думэм зэдгъэзыуэ хихащ Хорошавин Александр.

Кьулыкъым пэрыувар занщIэу кIуащ иджыблагъэ щIыналъэм щIыр зэрыщыхьеям и удын нэхъыщхьэр зытехуа Невельск кьалэм. Абы жиIащ кьулейсызыгъэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыным псоми я кьару зэкъуэт ирахьэлIэн зэрыхуейр. Дэ зитльэфыхьыну, лэжьыгъэр IэпэдзэгъэщI щIыну зэман дилъэкъым, кьыхигъэщащ губернаторыщIэм.

Москва щIыпхъуэ

Ди къэралым и щыхъэрым щIыпхъуэ гъэрыщIэм итхэу Нигериемрэ кьыщаутIыпщыжахэм я Iыхьлыхэр.

Абыхэм кьрагъэблэгъажьынущ махуэ 56-кIэ псэзэпылъхьэпIэм итахэр. Апхуэдэу гуфIэгъуэ зэIуIэм хэтынущ я ныбжьэгъухэр, кьулыкъущIэхэр, журналистхэр.

ЩIэпхъуэм и зэранкIэ

Палестинэ автономием и унафэщI Аббас Мыхьмуд и администрацIэм щыщхэм щIэпхъуэ кьащIащIащ - ахъэ улахъэпщIу кьэнащ.

Псори зи ягъэр финанс зэжьакIуэхэрщ. Абыхэм щыуагъэкIэ ахъшэр Аббас и бийуэ кьэува ХАМАС зэгуэхьныгъэм хэтхэм хуагъэхьащи, компьютерым и зэрану жаIэ. ИужькIэ щыуагъэр ягъэзэгъуэжьыну хэтащ. АрщхьэкIэ кIасэ хьуат: ХАМАС-м щыщ кьулыкъущIэхэм я нэхъыбэм ахъшэр банким кьрахакIэт.

Нью-Йорк и уэрамхэм

США-м и щыпIэ зыбжанэм теуащ жьащIэщхуэ.

Абы ирихужьа пыщдэм зэранытэщхуэ кьыщащ. Нью-Йорк и Бруклин хьэблэ зыкъизыхьям и деж метром и лэжьыгъэ сыхьэт зыбжанэкIэ кьыщцIэзэтрагъэувыIэн хуей хьуащ псыр зэрыщIэуам кьыхэкIыу.

Япониер мэщыгъуэ

ЩыщхьэIум и 9-м Японием щагъэлIащ хэкIуэдахэм я зэрыгъэныр.

Илъэс 62-рэ и пэкIэ а мазэм американ авиацIэм атом бомбэ дидзащ Нагасаки кьалэм. Абы щIыху мин 27-м я гъащIэр ихьащ, нужькIэ ягъэута фбжьхэм илыкIащ щIыху мини 100-м щIигъу.

Кьэралым и щIыпIэ куэдым нэщхьеягъэу Iуэхухэр щекIуэкIащ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ Эквадор Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - кьэралыр щхьэхуэу щыхъуа мазэщ.

◆ЩыщхьэIум и 10 - 11-хэр Мирадж жэщ муслъымэн гуфIэгъэщ - Мухьэмэд бегъымбарыр Алыхым и деж щыдрахьея зэманщ.

◆ЩыщхьэIум и 10 - 12-хэм Эстонием щекIуэкIынущ IV Нарвэ тхыдэ фестивальр. Ар екъэлIащ ИщхьэрэзаущI къэхъуа Iуэхухэм: 1700 гъэм швед пащтыкъ Карл ЕпщыкIутIанэр Нарвэ и деж ящысыдзэм кьыщытекIуащ, 1704 гъэм быдапIэр кьащтащ Петр Езанэм и полкхэм.

◆ЩыщхьэIум и 10 - фокIадэм и 2-хэм Эдинбург (Инджылыз) щекIуэкIынущ гъуэгуанэмкIэ дунейпсо фестивальр.

◆Илъэс 95-рэ и пэкIэ къалъхуащ бразил тхакIуэ, латиноамерикэ литературэм и классчик Амаду Жоржи (1912 - 2001).

◆Илъэс 70 и пэкIэ къалъхуащ уэрсей еджагъэшэж, юрист, политикэ лэжьакIуэ, Санкт-Петербург и япэ Iэтащхьэ (1991 - 1996) Собчак Анатолий (1937 - 2000).

◆Илъэси 100 и пэкIэ IаIащ урыс, украин тхакIуэ Вовчок Марко (Вилинская М.А.)

◆1921 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан.

◆1930 гъэм къалъхуащ литературовед, Дагъыстаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ержый Аслъэн.

◆1940 гъэм къалъхуащ Сирием къикIыжа къэбэрдей тхакIуэ Кьумыкьыу Мамдухь.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикъи 5-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 20-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 15-рэ.

Подготовил зыкъыгъэхьазырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэныкъуэ щыщыгъуэ

Чэзу зимыIэ щыIэкъым.

Бжьыхьэсэр нэгъабэрейм йофIэкI

● Гъавэ-2007

ЩIэджэм районым мэкъумэщымкIэ и управленэм и лъжьакIуэ Щортей Мухьэмэд зэрыкIэмкIэ, куейм и мэкъумэщ хозяйствэхэм гектар 820-м щащIа бжьыхьэсэ хьэр Iуахьжащ, ику ипту гектарым центнер 30 кьытекIыу Гъэ кIуам гектарым хуэзэу кьытрахащ центнер 25,5-рэт.

ЩыщхьэIум и 6-м Iухьжькин яуха гъатхасэ хьэ гектар 890-м гектарым центнер 21,5-рэ кьытрахарэ нэгъабэрейм машIэу йофIэкI: гъэ кIуам кьытекIар центнер 21,3-рэщ. Мы гъэм хьэуэ кьрахьэлIэжар псорэ зэхэту тонн 2460-рэ мэ хэу.

Бжьыхьэсэр гуэдзри щыщхьэIум и 6-м Iухьжькин яухащ. Гектар 3960-м гъавэ тонн 14220-рэ кьыпекIащ. Ику ипту гектарым кьытраха центнер 38-р нэгъабэрейм нэхъ центнери 7-кIэ нэхьыбэщ.

Iуэнейр зэгъэзыуэ екIуэкIащ, гуэдзри хьэр 2006 гъэм нэхьрэ нэхь бэв зэрыхьуар нэрылъагъущ. Ар зи фIыщIэр, дауи, жылэхэр и чэзум щым хэзыльхьа, кьжьыгъэхэр щыгъэпшэрэкIэ зыхуей зэхэзыгъэзэ, гербицидрэмкIэ удзыжьхэр зыгъэжIуэр мэкъумэщышIэхэрщ. Апхуэдэуи абыхэм здынагъэсыфым псыри щагъэльэдащ.

Районым езым и юмбайн 15-р яхуримыкIу у, нэгъэуэщI щыпIэхэм 12 кьрашири зэрыпэжьащ, зэрызэгурыIуэ елытауэ я языныкъуэхэм ахъшэ, адрейхэм ятауэ я языныкъуэхэм ахъшэ, адрейхэм я кIуатурэ. «Дон-1500», «Классэ» комбайн льэщIэм махуэм хуэзэу кьегъэкIащ 280 - 300 Iуахьжащ. ЛъапIэми, дагъэ гъэсэныпIъэхэмкIи я Iуэхур зэпэщу щытащ.

Бжьыхьэсэ гъавэ нэхьыбэр кьезыхьэзIэжахэм ящыщщ Щэуей Артур зи Iэтащхьэ-Щэджэм акционер, Дышэжд Артур зи унафэщI «Нартан» опытнэ хозяйствэхэр, ЩIэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыIэ «Кьундет-2» мэкъумэщ-фермер хозяйствэм, Бэгъуэт Леонид игъэлажьэм гектарым хуэзэу центнер 40 кьытрихащ.

Районым и комбайнер пажьэм ящыщщ Кьардэн ПIэхьир, Пщыбий Руслан сымэ, дэтхэнэми хьэрэ гуэдзу гектар 250 - 300 «Дон-1500»-кIэ Iуэхьжащ, Батыр Хьэдис и «Нива»-мкIэ гектар 230-м гъавэ тонн 920-рэ кьрихьэлIащ.

Иджыпсту хьэуазэр яшьхъ, мэкъур паупщ, ар Iэщым яхуримыкьункIэ шынагъуэ щыIэкъым.

Гъавапхъэ нартыкъу гектар 4450-мрэ силосу ягъэтIылыну гектар 870-мрэ Iухьжькин щыщIадзэнур фокIадэм и 10 - 11-хэщ.

ЧЫНТ Чым.

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

● Лъэпкъ зэхыхьэ

Мэжджыхьхэ я махуэшхуэ

**Зи щIыпIэхэр дахашэ, нэри пэри зыхьэху тафэкIэ, губгъэкIэ, мылылъэхэр зи кьежьапIэ псы уэрэхэмкIэ къулей, суэрытыщI Iэзэм къуршыжьхэм къатрищIыкIа фIэкIа умыщIэну уардэу зэфIэт кьыр дзакIэ узыIэпызыщэхэр щыкуэд Къэбардей-Балъкъэрым щопсэу хабзэ дахэ къызыдекIуэкI, зи пщIэмрэ нэмысымрэ зыIыгъыж Мэжджыхьхэ я лъэпкъыр. Абы щыщхэр зэуIуу дэсщ Зеикъуэ, Аруан, Къэхъуан къуажэхэм. Бэм Iофу я гум къинэжа, зи фэеплъ нэхухэм дапщэщи пщIэ хуащI я нэхъыжьыфIхэу зэман жыжьэм щхьэмыгъазэу Iуэхуфl зезыхьахэм я щапхъэм тету ахэри нобэрей гъащIэм жыжьэу холIыфIыхь.

ЖЫЛУЭ хуэзщIэтэджат Мэжджыхьхэ я нэхъыжьи я нэхъыщIи а махуэм, мэкъуаугъуэм и 30-м. Гъэмахуэ уэфI дахэу нэху къекIаги, теплъэ псоми мы лъэпкъым я зэхуэсым зыкъыдащI хуэдэт. Зеикъуэ къуажэхэм уэхэзу щыIэ «Аргъеикъуэ»-кIэ зэджа щIыпIэм деж ахэр щызэхыхьэрт, я нэгум гуфIэр къыщу. Мэжджыхьхэ зэхуэсыр я блэкIам ирипльэжьыну, щIэблэр абы щIагъэдэIуну, я нэхуэпсэр нэхъри зэрагъэубыдыжыну. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ я щIалэ губзыгъэ куэд ирихьэлIат зэхыхьэм. Абыхэм фIыщIэ яхунIри, Мэжджыхьхэ я цIэр фIыкIэ зыгъэIуэуэ, Хэкум хьэлэлу хуэлажьэу нобэ яхэмылыжьхэр ягу кIигъэкIыжащ зэIуущIэ езыгъэкIуэкIа, лъэпкъым и нэхъыжь Хьэсэнбий.

«Ижь-ижьыж лъандэрэ зи хьэл-щэнкIэ, хабзэкIэ, гъэхьэщIэкIэкIэ цIэрыIуэ адыгэхэм я тхыдэ гъуэзэджэр зыфIэмыгъэщIэгъуэнрэ зыфIэмыщIадхэрэ ирихьэлIэгъуэщI. Адыгейм къыкIа Инджыджэкъуэ Тутджэрий и щIалицым къытепщIыкIыжа Мэжджыхьхэ лъэпкъри ящыщу а тхыдэ къулейм гъэпсэлъыхь, гъэсэныгъэ Iуэхухэм я гугъу дыгъэщI. Си гуапэщ нэхъыщIэхэр ди псалъэ щIэдгъэдэIуэмэ, дерс гуэрхэр ягурыдгъаIуэмэ.

Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ гъэсэныгъэм теухуауэ куэд къызэщIауфыдэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъэущи, нужьрей щIэхэм гъэхъхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэм гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ деплъын хуейуэ дрихуIащ. Абы къикIыркъым щIэблэм и гъэсэныгъэр къэдгъэтIэсхъэн хуейуэ. НэгъуэщIхэм дыщыбмыгъэгугъыу, нэхъхъэхэмэ хуэдэу, ди быным и гъэсэныгъэм унагъуэм дыщебгъэгугъу. ЩIэблэм зыхилъхьэр, къищтэ хьэлыр махуэ къэс и нэгу щIэкIэхэрщ. АтIэ, щапхъэ дахэм, фIым, нэмысым ахэр зэпымыууэ щIэдвгъэпIыкI. Ауэ ди щIалэхэм я нэгум щIэкIэр нэхъри къиIэтынущ, зыдигъэузэщIынущ. Си псалъэхэр псоми къызыдыоIыгъри, фIыщIэ ин фхузощI, си къуэшхэ, си щыпхъуэхэ», - жиIащ Лиуан.

Мэжджыхьхэ я куэдщ мэкъуэмэш щIэныш, Iэщ гъэхъунымы хуэIэзэхэр, инженерхэр, хуэхакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, нэгъуэщIхэри. Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастеру 3 яIащ - ахэр Хьэбас и къуэ Анзор, Хьэждгерий и къуэ Руслан, Валерэ и къуэ Эдуард сымэщ. Эдуард Урысейм щэнейрэ и чемпионщ. НэгъуэщIу яхьпIэмэ, Мэжджыхьхэ щIэгушхуэнрэ зэрыгушхуэнрэ яIэщ.

«ТIэщIэкIа ди нэхъыжьыфIхэм зобэрей ди зэхэтыкIэр ялъэгъуэтэмэ, псом ди дежкIи насыпышхуэт. Дыкъэзыльхуахэм, абыхэм я адэжьхэм я псэр ТхъэмигъуфIэ. УгъурлыгъэкIэ дызэхъыбащи, ди щIэблэм дяпкIэ нобэрей Iуэхуэм щIэх-щIэхыгъэ зэрыпащэнур си фIэщ мэхъу. Мы зэIущIэм щыжьитIахэм фегупсыс, хуэфащэ дерс къыхэфх, ди нэхъыжьхэм я пщIэр фIыгъ, фызыуэсакъыжь», - захуигъэзащ я щIалэгъуэлэм лъэпкъым и нэхъыжьхэ Хьэсэнбий зэIущIэр щызэхэхуIыжым.

Зэхэхьэр джэгу дахэкIэ яухащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Гъэмахуэ мазэхэм, сабийжэр пщIантIэм, уэрамым нэхъыбэрэ щыдэт пъэхъэнэм, адэ-анэр нэхъ набдзэгубдзапльэу кIэлъыплъынь хуейщ я бынхэм. Псом хуэмыдэу, уи нэгум къэтебгъэкIхъунукъым щIэситIащы фIэкIа мыхъухэм.

КъАПЩТЭМЭ зекIуагъащIэ сабийм сытым дежи уэкIэлъыплъын хуейщ, ар зыщIэс унэм хьэпшыпэ щыкIуфэкIуэр пIэлъэсын хуэдэу щызэпхъэ хуэунэкIым. Сыт щхьэкIэ жьыпIэм, абы илъагъур зищыкъымрэ ар зыхуэдэмрэ къызэрищIэр едзакъэрэщ. Убэлэрыгъэмэ, абы зыгуэр ирипсэльэтэхьу и Iум инэмкIэ хъунущ. Сабийр апхуэдэ шынагъуэм щыхъуме мэхъу адэ-анэр, унэм щIэс балигъэкIэр абы тэмэму кIэлъыплъынущ.

Апхуэдэу ебгъыта медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м сабий узыфэхэмкIэ и кафедрэм и доцент, сабий пульмонолог **Чэрим Марат.** Нэпшк кьалэ дзт сабий клиникэ сымаджэщым и сабий дохутырым зи тэмакъым, Іум хьэпшып цIыкIуфэкIуэр инауэ зэрыхьауэ ныбжьыщIэхэм я бжьыгъэ кIыхь пэтми нэхъыбэ зэрыхъуэн (псом хуэмыдэу гъэмахуэ мазэхэм), апхуэдэ гуэр къызыщIадзэ сымаджэщым нагъэсащIэу зэрымыпIащIэм, махуэ зыбжанэкIэ, гебгъэмэ тхьэмахуэкIэ унэм зэрыщIагъэсыжи ирогуэза.

- Лъабэ зимыIуэ сабийр джэгуу здэщысым къыхэпсчыкIыу, е зэрыбгаэр уигу иримыхьу хъуамэ, занщIэу дохутыр къызэребгъэпIыным ухущIэкъунэр и нэхъыфIт, - жеIэ Чэрим Марат. - Ауэ къызгурыIуэркъым адэ-анэхэм ар кIыхьлIыкъым щыгъуэ: сабийм и Іум зыгуэр инауэ хуагъэфащэ пэтми, къытхуащэркъым, езэхэр зыкъомкIэ кIэлъыплъпIауэ. Иужьк Iэ, хэкIыпIэ ямыIэж хъуа нэужь (сабийр мыбзуэжьифмэ), дохутырым зыхуэпIащэу аращ. Нэхъ псынщIэу ди деж къашэсыху, Іуэхур нэхъ тынщу зэфIэкIынущ. Хьэпшыпыр е ерыскъы быдэр тэмакъым теща нэужь, хуэм-хуэмурэ йокIуэтэх, ар Іум ирехьэри, сабийр имыгъэбдзэу щеубыдыкI. ФызэрыщIагъэззащи, ар Іуэху къызэрыгуэкIыным, занщIэу Іэщ IагъэлIым зыхуумыгъэззэмэ, уэыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьигъэхьеинкIэ мэхъу. НэхъыкIэкраци, сабийр щилIыкIи щыIэщ. Ауэ ар псоми къагурыIуэркъыми, мазэ хъуауэ и щытыкIэр сигу ирихьыркъым, сытым дежи къыхопсчыкI, жаIэу зи бын ди дежкъэшIэщ щыIэщ. Апхуэдизрэ бзэ ирагъэшх (жьла хэпIу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунрэ ямегупсысу), дэ ират. КъищынэмыщIауэ, унагъуэм щыкIу зыбжанэ щыщIэсым деж узыпэмыплъа гъэрхэм ущрихьэлIэр Іэджэрэщ. Ильэси 4-5 хъур и къуэш, шыпсу нэхъыщIэ щIыкIум (ильэситIкIэ ныбжьым итыр) инэкIэ, карамелкIэ, сагъызкIэ догуашэ, е зэрыджэгуну къыхущIэхъу, пкыыгъуэ щыкIу-щыкIыу зэпкрыльтхьэпшыпыр ирет. Кьиф-фащэ пэтми, къытхуащэркъым, езэхэр зыкъомкIэ кIэлъыплъпIауэ. Иужьк Iэ, хэкIыпIэ ямыIэж хъуа нэужь (сабийр мыбзуэжьифмэ), дохутырым зыхуэпIащэу аращ. Нэхъ псынщIэу ди деж къашэсыху, Іуэхур нэхъ тынщу зэфIэкIынущ. Хьэпшыпыр е ерыскъы быдэр тэмакъым теща нэужь, хуэм-хуэмурэ йокIуэтэх, ар Іум ирехьэри, сабийр имыгъэбдзэу щеубыдыкI. ФызэрыщIагъэззащи, ар Іуэху къызэрыгуэкIыным, занщIэу Іэщ IагъэлIым зыхуумыгъэззэмэ, уэыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьигъэхьеинкIэ мэхъу. НэхъыкIэкраци, сабийр щилIыкIи щыIэщ. Ауэ ар псоми къагурыIуэркъыми, мазэ хъуауэ и щытыкIэр сигу ирихьыркъым, сытым дежи къыхопсчыкI, жаIэу зи бын ди деж къэзышIэщ щыIэщ. Апхуэдизрэ щхьэ упIапIэн хуейт? Щхьэ апхуэдизу гугъуебгъэхьан хуей сабийр?

Дохутырым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ гуэр зызэрыщIащ щыкIур республикэ сабий сымаджэщырщ здэщысхэр, районхэм абы зэрелъэзн Іэмэпсымэ яIэмыIэ. Сабийм и Іум инар къызэрыхьыжьыр жьэ кIуэщымкIэщ, ауэ Іэмал имыIэу наркоз етын хуейщ. Ари операцэ лIэужьыгъуэщ, ауэ зэгуэмыгъэжIауэ зэрыжьэдэIэбэн Іэмэпсымэ яIащи, абы Іуэхур нэхъ тынщ ещI. Пэщщ, ар зэ еIэззэгъуэкIэ щыззэфIэмыкIи щыIэщ. Псалъэм папщIэ, сэхуран хьэдзэ ирипэпэтэхэрэ, ар Іыхьэ-Іыхьэу зэпкърыхуамэ, абы щыIэм къытебгъэзэжу ужьэдзIэбэн хуейт мэхъу. Уебгъэм техникэкIэ зыыпэмыплъащ щытыкIи къохъу, абы щыIэгъуэм хэкIыпIэр операцэ щыныщ. Мис а псори къэмыхъун папщIэ, жэуапплныгъэ зыхьир адэ-анэхэращ.

- Сабийм и ныбжьым елъытауэ имышыхпхэ епт хъунукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар едзакъэ къудейуэ аращ, и дзэщхьэр къызэрымыкIам и пэжжаIуэр, жьэдэпIыкIар игъэнщIкIуфIыкъым, - къыпещэ Марат. - Абы мыхьэнэ езымыт балигъэхэм ильэсым щIигъуэ къудейм хъарбыз ирагъэшх (жьла хэпIу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунрэ имегупсысу), дэ ират. КъищынэмыщIауэ, унагъуэм щыкIу зыбжанэ щыщIэсым деж узыпэмыплъа гъэрхэм ущрихьэлIэр Іэджэрэщ. Ильэси 4-5 хъур и къуэш, шыпсу нэхъыщIэ щIыкIум (ильэситIкIэ ныбжьым итыр) инэкIэ, карамелкIэ, сагъызкIэ догуашэ, е зэрыджэгуну къыхущIэхъу, пкыыгъуэ щыкIу-щыкIыу зэпкрыльтхьэпшыпыр ирет. Кьиф-



Чэрим Марат

щынэмыщIауэ, адэшхуэм и къуэрыльху гъэфIакIуэм сэхуран хуэкъэбзуэрэ щригъэшх щыIэщ. Ахэр къемызэгъыщ.

Зи тэмакъым зыгуэр тена сабийм унэм щIэсу Іуэхум хэзымышыкI гуэр жьэдэIэбэ хъункъым. Апхуэдэу къэхъуэ нэужь, занщIэу «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» уеджэмэ нэхъыфIщ.

Жэщми-махуэми плъыр а Іуэхущ Іапэм и лэжьакIуэхэр апхуэдэ гуэр къэхъуауэ ираджамэ, ящIэнхэм, сабийр сымаджэщым зэрыгнашэсыну щыкIэхэм щыгъуазэ хуэзыщI курсхэр ирегъэкIуэкI Чэрим Марат. Иджыбгапъэ Теммоев Керим зи дохутыр нэхъыщхьэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» станцым и Іэщ ІапэлIэхэм лекцэхэм кьахуеджащ. Кьыхэбгъэщмэ, щIэх-щIэхыгъэ апхуэдэ Іуэхум ирихьэлIэ дохутырхэм, медсестрахэм сэбэп хуэн куэд щызэхахащ а зэIущIэхэм.

НЭЩIПЫДЖЭ Замирэ.

● Дохутырым и чэнджэщ

Ар Іуэху къызэрыгуэкIкъым

Зи щIыпIэхэр дахашэ, нэри пэри зыхьэху тафэкIэ, губгъэкIэ, мылылъэхэр зи кьежьапIэ псы уэрэхэмкIэ къулей, суэрытыщI Iэзэм къуршыжьхэм къатрищIыкIа фIэкIа умыщIэну уардэу зэфIэт кьыр дзакIэ узыIэпызыщэхэр щыкуэд Къэбардей-Балъкъэрым щопсэу хабзэ дахэ къызыдекIуэкI, зи пщIэмрэ нэмысымрэ зыIыгъыж Мэжджыхьхэ я лъэпкъыр. Абы щыщхэр зэуIуу дэсщ Зеикъуэ, Аруан, Къэхъуан къуажэхэм. Бэм Іофу я гум къинэжа, зи фэеплъ нэхухэм дапщэщи пщIэ хуащI я нэхъыжьыфIхэу зэман жыжьэм щхьэмыгъазэу Іуэхуфl зезыхьахэм я щапхъэм тету ахэри нобэрей гъащIэм жыжьэу холIыфIыхь.

ЖЫЛУЭ хуэзщIэтэджат Мэжджыхьхэ я нэхъыжьи я нэхъыщIи а махуэм, мэкъуаугъуэм и 30-м. Гъэмахуэ уэфI дахэу нэху къекIаги, теплъэ псоми мы лъэпкъым я зэхуэсым зыкъыдащI хуэдэт. Зеикъуэ къуажэхэм уэхэзу щыIэ «Аргъеикъуэ»-кIэ зэджа щIыпIэм деж ахэр щызэхыхьэрт, я нэгум гуфIэр къыщу. Мэжджыхьхэ зэхуэсыр я блэкIам ирипльэжьыну, щIэблэр абы щIагъэдэIуну, я нэхуэпсэр нэхъри зэрагъэубыдыжыну. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ я щIалэ губзыгъэ куэд ирихьэлIат зэхыхьэм. Абыхэм фIыщIэ яхунIри, Мэжджыхьхэ я цIэр фIыкIэ зыгъэIуэуэ, Хэкум хьэлэлу хуэлажьэу нобэ яхэмылыжьхэр ягу кIигъэкIыжащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, лъэпкъым и нэхъыжь Хьэсэнбий.

«Ижь-ижьыж лъандэрэ зи хьэл-щэнкIэ, хабзэкIэ, гъэхьэщIэкIэкIэ цIэрыIуэ адыгэхэм я тхыдэ гъуэзэджэр зыфIэмыгъэщIэгъуэнрэ зыфIэмыщIадхэрэ ирихьэлIэгъуэщI. Адыгейм къыкIа Инджыджэкъуэ Тутджэрий и щIалицым къытепщIыкIыжа Мэжджыхьхэ лъэпкъри ящыщу а тхыдэ къулейм гъэпсэлъыхь, гъэсэныгъэ Іуэхухэм я гугъу дыгъэщI. Си гуапэщ нэхъыщIэхэр ди псалъэ щIэдгъэдэIуэмэ, дерс гуэрхэр ягурыдгъаIуэмэ.

Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ гъэсэныгъэм теухуауэ куэд къызэщIауфыдэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъэущи, нужьрей щIэхэм гъэхъхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэм гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ деплъын хуейуэ дрихуIащ. Абы къикIыркъым щIэблэм и гъэсэныгъэр къэдгъэтIэсхъэн хуейуэ. НэгъуэщIхэм дыщыбмыгъэгугъыу, нэхъхъэхэмэ хуэдэу, ди быным и гъэсэныгъэм унагъуэм дыщебгъэгугъу. ЩIэблэм зыхилъхьэр, къищтэ хьэлыр махуэ къэс и нэгу щIэкIэрщ. АтIэ, щапхъэ дахэм, фIым, нэмысым ахэр зэпымыууэ щIэдвгъэпIыкI. Ауэ ди щIалэхэм я нэгум щIэкIэр нэхъри къиIэтынущ, зыдигъэузэщIынущ. Си псалъэхэр псоми къызыдыоIыгъри, фIыщIэ ин фхузощI, си къуэшхэ, си щыпхъуэхэ», - жиIащ Лиуан.

Мэжджыхьхэ я куэдщ мэкъуэмэш щIэныш, Iэщ гъэхъунымы хуэIэзэхэр, инженерхэр, хуэхакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, нэгъуэщIхэри. Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастеру 3 яIащ - ахэр Хьэбас и къуэ Анзор, Хьэждгерий и къуэ Руслан, Валерэ и къуэ Эдуард сымэщ. Эдуард Урысейм щэнейрэ и чемпионщ. НэгъуэщIу яхьпIэмэ, Мэжджыхьхэ щIэгушхуэнрэ зэрыгушхуэнрэ яIэщ.

«ТIэщIэкIа ди нэхъыжьыфIхэм зобэрей ди зэхэтыкIэр ялъэгъуэтэмэ, псом ди дежкIи насыпышхуэт. Дыкъэзыльхуахэм, абыхэм я адэжьхэм я псэр ТхъэмигъуфIэ. УгъурлыгъэкIэ дызэхъыбащи, ди щIэблэм дяпкIэ нобэрей Іуэхуэм щIэх-щIэхыгъэ зэрыпащэнур си фIэщ мэхъу. Мы зэIущIэм щыжьитIахэм фегупсыс, хуэфащэ дерс къыхэфх, ди нэхъыжьхэм я пщIэр фIыгъ, фызыуэсакъыжь», - захуигъэзащ я щIалэгъуэлэм лъэпкъым и нэхъыжьхэ Хьэсэнбий зэIущIэр щызэхэхуIыжым.

Зэхэхьэр джэгу дахэкIэ яухащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Щэнхабзэ

Гукъинэж яIэщхьу

Шэрэдж районым хьихь Аушыджэр къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щызэхэт творческэ гупым, Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыIэ зиIэ и артист Улбашев Азнор зи унафэщIым, Іуащхьэмахуэ лъапIэ концерт дахэ щыIащ.

АБЫХЭМ я нэгу зрагъэужьащ Франджым, Германием, Чехием кьыкIа хьэщIэм, Къабардей-Балъкъэрым рэр Щэнэн Республикэмрэ щыщ сабийхэм. Мы гупым И1кол, Азау, Чегет баззэкъым идыкы 15-нэ зыкьыщегъэпытауэ.

Бэрбэчкэ Исльамрэ Рэмэзанрэ, Батчаев Омар, Жабоевэ Асият сымэ зэ щыгъуэ зэрэдхэр едэIуэхэм ягу ирихьащ. Артистхэр апхуэдэуи щыIащ Эльбрус къуажэм дзт зыпедне сымаджэщым икIи Урысейм и щIыпIэ куэдым кьыкIауэ мыбы зыщIысыгъэхъуажэм я гукьыдэжкIи кьаIэтащ.

ТОКЪУЙИ Иринэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Къазан) - 3:2 (1:1, 0:0, 2:1). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхэм-Іум и 8-м. Щыху 7000 епльащ.

Судьяхэр Ключников (Дон Іус Ростов), Кулагин, Плахов (тIум Мэзкуу щыщхэ).

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ, Кисенков, Ятченкэ, Шумейкэ, Филатов, Костенкэ (ІыщэкI, 46), Дзыхьмыщ, Къэжэр (Джудовий, 103), Матич (Балькъэр, 87), Джатэрыв, Роденков.

«Рубин»: Харчик (Колинько, 46), Калистэ, Габриэл, Федоров, Салуквадзе, Сибайя, Аюпов, Гацкан, Паунович, Киреев, Дядюн (Яркин, 67).

Топюр дагъэкIащ: Дзыхьмыщым, 4 (1:0). Паунович, 7 (1:1), Джатэрывэм, 98 (2:1). Аюповым, 114 (2:2). ДыщэкIым, 117 (3:2).

Дагъуэ хуащIащ Ятченкэ, Кращенкэ, Яркиным, ДыщэкIым, Роденковым, Федоровым.

ЗЭЙ КЪЭМЫХЬУ*А*Уэ Къэбэрдей-Балькъэрым и командэр къэралым и Кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкI зэхъэзэхуэм и финалым и Іыхьэ гъащIэм нэсащ! Псом нэхърэ нэхъ гуапэращи - ар я фIыгъэщ ди щIыпIэм къыщIалхуа икIи щагъэса футболист щIалэщIэхэм.

Урысыем Федерацэм и кубокым щIэбэныкIэ командэ куэдым кьафIэIуэхуущэкъым. Абыхэм кьалъыгъэ зэхъэзэхуэ нэхъыщхьэр чемпионатрэ, мыдрейр абы и гуэдзэну. ИкIи апхуэдэкIэр пхуэгъэкъуэнщэкъым, сыту жыпIэмэ илъэсым кьэрикIуэхэр кьыщапщытэжкIэ, зытращIыкIыр щIалэхэм я Іыхьэ щыщ.

ящэм кьыщаухьа уеблэмэ и льагагъыщ. Абы щыгъуэми Кубок зэпеуэм тренерхэм Іэмал кьарет чемпионатым щагъэджэгуну зыхьанэмкIэ щIалэхэр ягъэунэ хуну . Аращ зыхущIэкъуар вэсэмахуэ «Спартак-Налшык» и унафэщIэхэм - Къэзан и «Рубиным» пэщIэгъэуващ Къэбэрдей-Балькъэрым и топджэгур адэкIэ зэрыхьынур зэгьэпытащ щIалэщIэхэр, командэ кIыхьыщIэхэм щыщ щIалицI-плIыкIэ ягъэбгыдэри.

Мы тэмахуэм дызыпэплъа узлбанэщхуэмрэ зэIущIэм и щIэрэмкIэ зэтехуащ. Іущхьым уридджкIуеину напIэзыпIэм зыкьыщIэрэзэкъуихам хуэдэу, командэхэмэ джэгур ирагъэжащ икIи еблакъэ дакьикъэм ирихьэлIэу Іэ зыригъэжащ. Дзыхьмыщым бжьыгъэ кьыщэрэщIэгъуэр хуримыкьыну, ауэ абыхэм, егъэлеяуэ еша ретым, ерыщагъ ин зыхалъхьащ. ИкIи 98-нэ дакьикъэм Джатэрыв Къазбэч, «Рубин» и Іуащхьхъэумищым яIащIэкIащ икIи кьыпепжэжьа Іуащхьэтет Колинько Александр блэлъэту топым еурэри, «Спартак-Налшыкыр» яIэ иригъэщащ.

ТекIуэныгъэр кьах уэзыхь бжьыгъэр яхьуэну я мураду, ди щIалэхэр икIуэтащ. Ар кьэйхъуIэн папщIэ гъэущхьхъумэхэм Джудовий кьыхагъэхьащ. АрщхьэкIэ, дапхуэдэу захьумэжами, хьэщIэхэм бжьыгъэр зэхуэдэ ящIыжьну яхуэзэфIэкIащ.

Куэдым кьащыхуащ текIуэныгъэр кьызэрахьын кьару «Спартак-Налшыкым» иджы имыIэжьихьэу икIи Іуэхур пенальтим хуэкIу эу.

ЩIалэгъуэлэм лъагапIэщIэм деIэт!

Топ кьыззэрыхудагъэкIам ди щIалэщIэхэм я гур ириудын дэнэ кьэна, кьитгъэгубжащ. ЩыхуитпI фIэжа кьэмкIну зи командэ нэхъыщхьэр Налшык къэзыша «Рубиным» ахэр псынщIагъкIи, я ныбжьым емылытауэ ІэзэгъэкIиефIэкIыр. Кьэ жэрым, Джатэрыв, Дзыхьмыщым, адрейхэми хьэщIэхэм я гъуащхьэхьэмэхэр уажьбжу гугъу ирагъэхьыр т. ЕбгъэрыкIуэ ящIэм яхьихьну щIэх-щIэхьыуэ Іэмал кьагъэ зтырт ди гъуащхьэхьэмэхэу Филатовымрэ Ятченкэрэ.

Адыгэдзэ тепщэныгъэр Тэтэрстаным кьикIакъэм ерагькIэ яхуэзэтеIыгъэу арат. КьапэмыльэщIыххэу, яхуэмыйыгъуэу гъуэм щебгъэрыкIуэкIэ, хьэщIэхэм я насыпт кьикIыр. Кьапщтэмэ, 45-нэ дакьикъэм ди щIалэхэм ящыщ зыр зэуэуэу гъуэм кIуэ топыр «Рубиным» и кьэпитIу Федоровым техуэри, кьригъгъэзэащ.

Загъэпсэхуну Іэмал зэраIэм и хьыбар яригъащIэу судьям сренгер щигъэфриям ахэр хуабжьу зэрыщыгуфIыкIам шэч хэлькъым. Иджы хущIыхьэгъуэ яIэт джэгум зэхъуэжьыныгъэ зэрыхьахьэхьэнум егупсысыну, мащIэу бзэуэну. А зэманыр нэхъ кьыкIыхьэ ящIащ джэгупIэ губгъэр кьэзыгъэнэху зэуздыгъэкIэ зыфIэмыхьэ щыгъэ зэрыункIыфIам.

ДакьикьипщIым и пIэкIэ сыкьэт ныкьуэкIэ загъэпсэхуауэ, тIэкIи загъэгъущжауэ щIалэхэр губгъэуэм кьыззэрихьэжьу аргуэру уэшхым кьыщIэдзэкащ. ЩIадзэжащ ди щIалэхэм льэщу ебгъэрыкIуэу. АрщхьэкIэ, зи гъуащхьэхьэ (Мэзкуу область) - «**Металлург**» (Томск) - 0:1, **«Амкар»** (Пермь) - «**Тэрч**» (Грозный) - 3:1.

Текlу аэр финалым и Іыхьэ пIланэм кIу ащ. Абы и зэIущIэхэр фокIадэзт (сентябрым) и IэкIэ зэхэзэхыну. Ди щIалэхэм я хьэрх уэрэгъуэ щCКА-р. Джэгур щекIуэкIыну щIыпIэхэр мыгувэу пхьэндзэкIэ яубзыхунущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Абы дегъэпIейтей

Дыгъэныр зи Іэщ Iагъэхэр

КъБР-м щыIу МВД-м щекIуэкIа зэIущIэм хэтахэр нэхъ зыгъэпIейтейуэ къагъэлъэIуащ автотранспорт ирахужьым, нэгъуэщIым и мылыку къадигъуным, псом хуэмыдэу жьам телефонэм ящIа щIэнхьаджагъэхэр нэхъыбэ зэрыхьым.

НАЛШЫК округым и УВД-м и унафэщI Отаров Тlохьир зэрыжиIамкIэ, къалащхьэм илъэсыр кьыззэрихьэр щIэпхьаджагъэу 3364-рэ щалэжьагъ, абыхэм ящыщу 1394-р сэтей кьыщIащ. ЩIэпхьаджагъэ зэлъэу ягъэжьым, нэгъабэ елытауэ процент 34-кIэ хэхъуащ икIи 909-м нэсащ. Сэтей кьащIащи процент 53,1-р. ЗэхамыгъэкIыу кьэнащ щIыхуи 2 зыукIар, щIыхуи 7-м фэбжь хъэлъэ езыдзар, фэтэри 149-рэ зыхьунщIар, щIыхуи 9-м ятеуар, 63-м едгыгъар хэт сымэми.

Мы гъэм Налшык щрахужьащ автотранспорт 76-рэ. Аэхэр нэхъыбэу ди къэралым кьыщыщIагъэкIаэхэр. Абыхэм ящыщу 50-р кьагъуэтыжри зейхэм Іэрагъэхьащ. Хабзэхъуэхэм яубыдащ автотранспорт дыгъуэ гуп. Абы хохьэ Къэрэшей-ШэрджэсыI, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIыхуи 5. А гупым ядыгъуащ автомобиль 14. Бзаджащ Іэхэм кьадыгъуаэр Ингушым, РСО-Аланием яхурти, абы щащэрт е агрегатым тетэуэ щIыпIэхэрахьэщIкIыр. Абыхэм кьыхтрахащ сигнализацэр гугъу демыльу зэрагъэувыIэ Іэмэпсымэ, автомашинэхэм я Іуэхущхьэхэр. Абы щыщ 3-нэ ОВД-м и лэжьакIуэхэм зыгъэпIейтейр щIэкIыкIи. Къудамэм криминальнэ милицэмкIэ и Іуэхущ Іапэм и унафэщI Кьанло Заур къытеувыIащ кьалэм и промышленнэ зонэм щыIэ Іуэхущ Іапэхэм дыгъуакIуэхэр хуэлъэ зэрыхъуам, бжэр якьутэурэ е щхьэгъубжэмкIэ дкIыпуэр зыхуейр зэрызыIэрагъэкIэр. Илъэсыр кьыззрихьэрэ апхуэдэ щIэпхьаджагъэ 10 яIэжащ. Кьаналом кьыззрихьэщIащ, Іуэхущ Іапэхэм хъумакIуэу щыIа жьэхэр зы щIыхуэ-щIыхуэитIщ, ари я ныбжьыр хэкIуэтауэ икIи ухуэныгъэ зыбжанэ зыдэт щIапнтIэщ-хуэхэм щынагъуэншагъэр кьыщцэзгъэпэщыным ахэр пэльэщынукъым.

Налшык къэзр округым и 2-нэ ОВД-м кьегъэщIыIа щIыпIэм щIэпхьаджагъэ нэхьыбэ щалэжь хъуащ. Криминальнэ милицэмкIэ Іуэхущ Іапэм и унафэщI Геграев Марат кьыззрихьэлъэгъуамкIэ, апхуэдизкIэ 544-рэ мэхъу икIи нэгъабэ елытауэ 175-кIэ нэхьыбэщ. Кьэдгъэлъэгъуа щIэпхьаджагъэхэм щыщу 323-р зэпхьак щIэ телефонхэр зрадгъэгъущ. Нэхьыбэу бзаджащIэхэм кьагъапщIэр сабийхэрщ, зыщагъэпсэху жьыг хадэхэм, щыхуу зэхуэсыпIэхэм, школхэм («щощакIуэ».

1-нэ ОВД-м щIэпхьаджагъэ сэтей кьыщIым процент 3,6-кIэ хэхъуащ. Абы кьыдэкIуэу нэхьыбэ хъуащ дыгъуэзм я бжьыгъэ икIи 218-м нэсащ е процент 175,6-рэ. Абыхэм ящыщу 60-р иджыри сэтей кьащIакъым. Къудамэм криминальнэ милицэмкIэ и Іуэхущ Іапэм и унафэщI Беппаев Руслан зэрыжиIамкIэ, дыгъуакIуэхэм ІуикIыбзэ Іуэххэр кьагъэсэбэп, нэхьыбэми бысымэр унэм щIэсу йодыгъуэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Феплъ

Апхуэдэт Шорэ Хьэсен

Мы тхыгъэ мыкIыхьыр сэ тынщу кьызэхъулIакъым. КъышIэздзэм згъэтIылъыжурэ идыкIри къэс кьеблэкIащ и кIэм схуняэмыгъэзу. Илъэс куэд хуэныкъо согъэунэху: фIыуэ пщIыу икIи пльагъу щIыхум утетхьхьыну хуабжьу нэхъ гугъуш адрейхэм нэхърэ. Псом хуэмыдэу зр щымыпсэужым и деж.

ХьЭСЕН сэ нэхърэ нэхъыжьт. Сахиубыдакьым школым сыщыщIэсам абы иригъэджахэми. Ауэ балигъыпIэм сыщыуэвмэ, я ныбжьыгъ ГьунэгъУ схуэхъуат зэуэ. Ар псэкIэ узыIэпызышэ, гъащIэри щIыхуэхэри фIыуэ зыльагъат. ХуэзфIэкIмэ, хэти дзэпкьыкъуит, ауэ зэи зыми зэран хуэхъунутэкьым. ЗыщIыхуу щыта псоми ар зэрыжаIэфрыпм щэн къытесхьэрэкьым.

Шорэ Хьэсен щыпсэуари щыIэжьащи ежьэр щагъэуэ Куба (Хьэсэнбий кьуажэ) адыгэжьыIэжьыщ. Пасэу кьигъэльэгъуащ щIыхуэхэр зэщIэгъэуIуэныжьмкIэ зэчий зэрыбгъэдэлъыр, кьызэгъэпэщащIэу хьэл зэрыхэльэр. Аращ ныбжьыщIэ дыдэу жыларыуэ лэжьыгъэм хэзышари. Комсомол организацыи и пашэу куэд щIэлъ, ещанIэр кьиуэщ, и зэман кьэсу дзэм щраджами, мазэ бжьыгъэ фIэкIа кьэхъ дамыкIыу апхуэдэ дыдэ кьалэн и пщIэ къыдалъхьащ. Кьыигъэзэжа иужьи колхозым и комсомол организацэм и секретару хахащ. Зэрыгъпытащи, а зэманым зэфIэкIыщхуэ зиIэ ВЛКСМ-м ипсыхьащ, щIыхуэ-зэман ядалэжьэфу, ахэр кьигъэдэIуэфу иригъэсащ. Ар абы кьыщыхьэпжащ, иужькIэ Щэн